

BAB IV

DÉSKRIPSI HASIL PANALUNGTIKAN JEUNG ANALISIS DATA

Dina ieu bab dipedar (1) kamampuh awal nulis carpon siswa kelas XI SMA Muhammadiyah Cipanas Kabupaten Cianjur taun ajaran 2012/2013 saméméh ngagunakeun média pangajaran *photostory*; (2) kamampuh pascaté nulis carpon siswa kelas XI SMA Muhammadiyah Cipanas Kabupaten Cianjur sabada ngagunakeun média *photostory*; jeung (3) éféktivitas média *photostory* pikeun pangajaran nulis carpon di kelas XI SMA Muhammadiyah Cipanas Kabupaten Cianjur taun ajaran 2012/2013.

4.1 Kamampuh Praté Nulis Carpon Siswa Kelas XI SMA Muhammadiyah Cipanas Kabupaten Cianjur Taun Ajaran 2012/2013 Saméméh Ngagunakeun Média Pangajaran *Photostory*

Kamampuh awal nulis carpon bisa katitén tina skor anu dicangking ku siswa saméméh ngagunakeun média pangajaran *Photostory* anu hasilna bisa diilikan dina tabél 4.1. Dina éta tabél katitén kumaha kamampuh siswa kelas XI SMA Muhammadiyah Cipanas Kabupaten Cianjur kana nulis carpon anu ngawengku: eusi carpon, imajinasi, tokoh jeung penokohan, plot/galur, hubungan antar padalisan, mekanik jeung gaya basa anu dipaké.

Tabél 4.1

Kamampuh Awal Nulis Carpon Siswa Kelas XI SMA Muhammadiyah Cipanas Kabupaten Cianjur Saméméh Ngagunakeun Média *Photostory*

No. Subjék	A	B	C	D	E	F	G	Σ	P	Katégori
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)	(8)	(9)	(10)	(11)
1	3	2	1	2	2	2	2	14	50	Can tuntas
2	3	3	2	2	2	3	1	16	57	Can tuntas
3	2	3	2	2	2	1	2	14	50	Can tuntas
4	3	3	3	2	3	3	1	18	60	Can tuntas

(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)	(8)	(9)	(10)	(11)
5	3	2	1	2	2	2	3	15	53	Can tuntas
6	3	3	2	3	3	1	3	18	60	Can tuntas
7	3	2	2	3	2	1	2	15	53	Can tuntas
8	3	2	2	2	2	2	1	14	50	Can tuntas
9	3	2	3	2	3	2	3	18	60	Can tuntas
10	3	3	2	2	3	3	2	18	60	Can tuntas
11	3	3	1	2	2	2	2	15	53	Can tuntas
12	2	2	2	2	3	2	1	14	50	Can tuntas
13	3	3	2	1	2	3	3	17	64	Can tuntas
14	3	2	2	2	3	2	2	16	57	Can tuntas
15	2	2	3	3	1	2	2	15	53	Can tuntas
16	3	3	3	2	3	3	2	19	67	Can tuntas
17	3	3	2	2	2	2	2	16	57	Can tuntas
18	3	3	3	2	2	3	3	19	67	Can tuntas
19	3	2	1	2	3	3	3	17	64	Can tuntas
20	3	2	3	2	2	2	2	16	57	Can tuntas
21	3	3	2	3	2	3	3	19	67	Can tuntas
22	4	2	3	1	3	3	3	19	67	Can tuntas
23	3	3	2	1	2	2	2	15	53	Can tuntas
24	3	2	2	3	2	2	2	16	57	Can tuntas
25	3	3	3	3	2	3	3	20	71	Tuntas
26	3	3	2	2	3	3	3	19	67	Can tuntas
27	3	2	2	2	3	2	2	16	57	Can tuntas
28	3	2	3	2	3	3	3	19	67	Can tuntas
29	3	2	1	2	3	3	3	17	64	Can tuntas
30	3	3	3	2	3	2	3	19	67	Can tuntas
31	4	3	3	3	3	3	3	22	78	Tuntas
32	3	3	2	3	2	3	3	19	67	Can tuntas
Σ	95	81	70	69	78	76	75	509	1924	

(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)	(8)	(9)	(10)	(11)
\bar{X}	2,96	2,53	2,18	2,15	2,43	2,37	2,34	15,90	60,12	

Keterangan:

A : Eusi carpon

B : Imajinasi

C : Tokoh jeung Penokohan

D : Plot/Galur

E : Hubungan antar padalisan

F : Mékanik

G : Gaya

Σ : Jumlah

P : Peunteun


\bar{X} : Rata-rata

Dumasar kana tabél di luhur, ngan aya sababaraha siswa anu geus mampu nulis carpon. Skor anu kahontal ku siswa asup kana dua kriteria, nya éta skor tuntas jeung can tuntas. Skor panggedena nya éta 22 jeung skor pangleutikna 14.

Ku kituna, bisa dicindekkeun yén kamampuh nulis carpon siswa kelas XI SMA Muhammadiyah Cipanas Kabupaten Cianjur taun ajaran 2012/2013 kagolong kurang nyugemakeun lantaran can bisa ngahontal KKM anu geus ditangtukeun nya éta 70.

Dumasar kana hasil skor peunteun, siswa anu kagolong kana kriteria tuntas aya dua siswa, nya éta siswa nomer 25, 31. Sedengkeun siswa anu kaasup kana kriteria teu tuntas aya 22 siswa, nya éta siswa nomer 1, 2, 3, 4, 5, 7, 8, 9, 10, 11, 12, 14, 15, 16, 17, 19, 20, 21, 22, 23, 24, 26, 27, 28, 29, 30, 32. Sangkan leuwih jembar dijenréun dina wangun grafik ieu di handap.

Grafik 4.1
Rata-rata Aspék Hasil Pratés Nulis Carpon



Keterangan

- Aspék 1 : rata-rata skor eusi carpon
 Aspék 2 : rata-rata skor imajinasi
 Aspék 3 : rata-rata skor tokoh & panokohan
 Aspék 4 : rata-rata skor plot/galur carita
 Aspék 5 : rata-rata skor hubungan antar padalisan
 Aspék 6 : rata-rata skor mekanik
 Aspék 7 : rata-rata skor gaya carita

Tina grafik diluhur katitén peunteun rata-rata unggal aspék, peunteun panggedena aya dina aspék anu kahiji, nya éta aspek ngeunaan eusi carpon anu hasilna 2,96 kadua nya éta ngeunaan imajinasi anu dijieun dina carpon anu hasilna 2,53 katilu nya éta aspék ka genep ngeunaan mékanik atawa disebut ogé cara panulisan ejahan anu bener peunteunna nya éta 2,18 anu ka opat nya éta aspék ka opat ngeunaan plot/galur carita anu meunang peunteun 2,15 ka lima nya éta aspék ka tilu anu ngeunaan tokoh jeung panokohan carita kalayan peunteunna 2,43 ka

genep nya éta aspek anu ka lima ngeunaan hubungan antar padalisan anu peunteunna 2,37 anu pamungkas nya éta aspek anu ka tujuh ngeunaan gaya carita anu peunteunna 2,34.

4.2 Kamampuh Pascatés Nulis Carpon Siswa Kelas XI SMA Muhammadiyah Cipanas Kabupaten Cianjur Taun Ajaran 2012/2013 sabada ngagunakeun Média *Photostory*

Sabada ngalaksanakeun pangajaran nulis carpon ngagunakeun média pangajaran *Photostory*, kamampuh nulis carpon siswa kelas XI SMA Muhammadiyah Cipanas diukur deui ngaliwatan pascatés nulis carpon. Hasil pascatés siswa dina nulis carpon bisa diilikan dina table 4.2. Dina éta tabél bisa katingali kumaha kamampuh siswa kelas XI SMA Muhammadiyah Cipanas ngeunaan carpon anu ngawengku: eusi carpon, imajinasi, tokoh jeung penokohan, plot/galur, hubungan antar padalisan, mekanik jeung gaya basa anu dipaké.

Tabél 4.2

Kamampuh Ahir Nulis Carpon Siswa Kelas XI SMA Muhammadiyah Cipanas Sabada Ngagunakeun Média Pangajaran *Photostory*

No. Subjék	A	B	C	D	E	F	G	Σ	P	Katégori
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)	(8)	(9)	(10)	(11)
1	4	3	3	3	2	3	3	21	75	Tuntas
2	4	4	3	3	3	3	3	23	82	Tuntas
3	4	4	4	3	4	3	3	25	89	Tuntas
4	3	4	3	3	3	3	3	22	78	Tuntas
5	4	3	3	4	4	4	3	25	89	Tuntas
6	4	4	4	4	4	3	4	27	96	Tuntas
7	4	3	3	4	3	3	3	23	82	Tuntas
8	4	3	3	3	4	3	4	24	85	Tuntas

(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)	(8)	(9)	(10)	(11)
9	3	3	4	4	4	3	4	25	89	Tuntas
10	3	4	3	3	3	3	3	22	78	Tuntas
11	4	4	3	3	4	4	4	26	92	Tuntas
12	3	4	4	3	4	3	3	24	85	Tuntas
13	4	3	4	3	3	4	4	25	89	Tuntas
14	4	3	3	3	3	3	3	22	78	Tuntas
15	3	2	3	2	3	3	3	19	67	Can tuntas
16	4	4	3	3	3	3	4	24	85	Tuntas
17	4	4	4	3	4	4	4	27	96	Tuntas
18	3	4	3	3	3	3	3	22	78	Tuntas
19	3	3	4	4	3	4	4	25	89	Tuntas
20	4	3	3	3	4	4	3	24	85	Tuntas
21	3	3	3	3	3	3	3	21	75	Tuntas
22	3	4	4	3	3	4	4	25	89	Tuntas
23	4	3	3	3	2	4	3	22	78	Tuntas
24	4	4	3	4	3	4	4	26	92	Tuntas
25	3	4	3	4	3	3	3	23	82	Tuntas
26	3	3	4	3	2	4	3	22	78	Tuntas
27	4	3	4	4	3	4	4	26	92	Tuntas
28	3	3	4	4	3	4	4	25	89	Tuntas
29	4	3	3	3	3	3	3	22	78	Tuntas
30	4	4	3	3	3	3	3	23	82	Tuntas
31	4	3	3	4	3	2	3	22	78	Tuntas
32	4	4	4	3	3	3	3	24	85	Tuntas
Σ	116	110	108	105	102	107	108	756	2685	
\bar{X}	3,62	3,43	3,37	3,28	3,18	3,34	3,37	23,62	83,90	

Keterangan:


- A : Eusi carpon
 B : Imajinasi
 C : Tokoh jeung Penokohan
 D : Plot/Galur
 E : Hubungan antar padalisan
 F : Mékanik
 G : Gaya
 Σ : Jumlah
 P : Peunteun
 \bar{X} : Rata-rata

Dumasar kana tabél di luhur, ampir unggal siswa miboga kamampuh nulis carpon anu kawilang nyugemakeun. Ampir unggal siswa miboga kamampuh nulis carpon nyumponan KKM anu geus ditangtukeun nya éta 70. Tina hasil diluhur katitén peunteun anu tuntas aya 31 urang nya éta siswa nomer 1, 2, 3, 4, 5, 6, 7, 8, 9, 12, 13, 14, 16, 17, 18, 19, 20, 21, 22, 23, 24, 25, 26, 27, 28, 29, 30, 31, 32. Sedengkeun siswa anu acan ngahontal kana hasil KKM aya hiji siswa, nya éta siswa nomer 15.

Ku kituna bisa dicindekkeun yén kamampuh nulis carpon siswa kelas XI SMA Muhammadiyah Cipanas taun ajaran 2012/2013 kagolong nyugemakeun atawa bisa ngahontal KKM anu geus ditangtukeun.

Lian ti nganalisis tina peunteun siswa, dijéntrékeun ogé ngeunaan ngaronjatna peunteun rata-rata tiap aspék anu dipeunteun dina pedoman meunteun nulis carpon. Ieu di handap mangrupa grafik anu ngagambarkeun ngeunaan peunteun rata-rata unggal aspék sabada dilaksanakeun “perlakuan” média *photostory* dina pangajaran nulis carpon.

Grafik 4.2
Rata-rata Aspék Hasil Pascatés Nulis Carpon



4.3 Éféktivitas Média *Photostory* Pikeun Pangajaran Nulis Carpon di Kelas XI SMA Muhammadiyah Kabupaten Cianjur Cipanas Taun Ajaran 2012/2013

Sabada mikanyaho kamampuh siswa XI SMA Muhammadiyah Cipanas taun ajaran 2012/2013 dina nulis carpon ngaliwatan hasil pratés jeung pascatés, ayeuna bagian nguji sipat data. Dina nguji sipat data ngawengku uji normalitas data pratés, uji normalitas data pascatés, jeung uji homogénitas data pratés pascatés.

4.3.1 Uji Normalitas

4.3.1.1 Uji Normalitas Data Pratés

Pikeun nangtukeun data pratés miboga distribusi anu normal atawa henteu, dilakukeun uji normalitas, anu ngawengku sababaraha léngkah ieu di handap.

1) Nangtukeun rentang skor (r)

$$\begin{aligned} r &= \text{skor pangluhurna} - \text{skor panghandapna} \\ &= 78 - 50 \\ &= 28 \end{aligned}$$

2) Nangtukeun kelas interval (k)

$$\begin{aligned} K &= 1 + 3,3 \log n \text{ (jumlah siswa)} \\ &= 1 + 3,3 \log 32 \\ &= 1 + 3,3 (1,50) \\ &= 1 + 5 \\ &= 6 \end{aligned}$$

3) Nangtukeun panjang kelas (p)

$$\begin{aligned} p &= \frac{r}{k} \\ &= \frac{28}{6} \\ &= 4,67 = 5 \end{aligned}$$

4) Nyieun tabél distribusi frékuénsi

Tabél 4.3

Distribusi Frékuénsi Hasil Praté

Kelas Interval	f_i	x_i	x_i^2	$f_i x_i$	$f_i x_i^2$
50-54	9	52	2704	468	24336
55-59	6	57	3249	342	19494
60-64	7	62	3844	434	26908
65-69	8	67	4489	536	35912
70-74	1	72	5184	72	5184
75-79	1	77	5929	77	5929
Σ	32			1929	117763

5) Ngitung rata-rata pratés

$$\begin{aligned}\bar{X} &= \frac{\sum f_i \cdot x_i}{\sum f_i} \\ &= \frac{1929}{32} \\ &= 60,28\end{aligned}$$

6) Ngitung Standar Deviasi (sd)

$$\begin{aligned}\text{sd} &= \sqrt{\frac{n \sum f_i x_i^2 - (f_i x_i)^2}{n(n-1)}} \\ &= \sqrt{\frac{32 \cdot 117763 - (1929)^2}{32(32-1)}} \\ &= \sqrt{\frac{3768416 - 3721041}{992}} \\ &= \sqrt{\frac{47357}{992}} = \sqrt{45,75} = 6,76\end{aligned}$$

7) Ngitung frékuénsi obsérvasi jeung frékuénsi ékspéktasi. Carana nya éta:

(1) Nyieun tabél frékuénsi obsérvasi jeung frékuénsi ékspéktasi

Tabél 4.4

Format Frékuénsi Observasi jeung Frékuénsi Ékspéktasi Pratés

Interval	O _i	BK	Z	Z _{tabel}	L	E _i	X ²
50-54	9	49,5	-1,59	-0,4441	0,14	4,48	4,56
		54,5	-0,85	-0,3023			
55-59	6	54,5	-0,85	-0,3023	0,25	8	0,5
		59,5	-0,11	-0,0438			
60-64	7	59,5	-0,11	-0,0438	0,27	8,64	0,31
		64,5	0,62	0,2324			
65-69	8	64,5	0,62	0,2324	0,18	5,67	0,95
		69,5	1,36	0,4131			

Interval	O _i	BK	Z	Z _{tabel}	L	E _i	X ²
70-74	1	69,5	1,36	0,4131	0,06	1,92	0,43
		74,5	2,10	0,4821			
75-79	1	74,5	2,10	0,4821	0,01	0,32	1,43
		79,5	2,84	0,4977			
Σ	32						8,18

(2) Nangtukeun O_i (frékuénsi obsérvasi)

(3) Nangtukeun batas kelas interval (bk). Batas kelas nya éta nilai tepi kelas awal dikurang 0,5 jeung nilai kelas tepi luhur ditambah 0,5.

Batas kelas tina interval 50 – 54, nya éta tepi kelas handap dikurangi 0,5

$$= 50 - 0,5$$

$$= 49,5$$

Jeung nilai tepi kelas luhur ditambah 0,5

$$= 54 + 0,5$$

$$= 54,5$$

(hasil saterusna tina batas kelas unggal interval bisa ditempo dina tabél 4.4)

(4) Ngitung Z_{itung} (transformasi normal standar bébas kelas)

$$Z = \frac{(bk - \bar{x})}{sd}$$

(nilai saterusna bisa ditempo dina tabél 4.4)

(5) Nangtukeun Z_{tabel}

Dina nangtukeun Z_{tabel} bisa ditempo dina lampiran.

(6) Ngitung lega kelas interval (L)

$$L = Z_{tabel2} - Z_{tabel1}$$

$$= -0,3023 - (-0,4441)$$

$$= 0,14$$

(nilai saterusna bisa ditempo dina tabél 4.4)

(7) Ngitung frékuénsi ékspéktasi, ku cara:

$$\begin{aligned}
 E_i &= n \times L \\
 &= 32 \times (0,14) \\
 &= 4,48
 \end{aligned}$$

(nilai saterusna bisa ditempo dina tabél 4.4)

(8) Nangtukeun nilai X^2 (chi kuadrat)

$$X^2 = \sum \frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$$

(hasil nilai bisa ditempo dina tabél 4.4)

(9) Nangtukeun darajat kabébasan (dk)

$$\begin{aligned}
 dk &= k - 3 \\
 &= 6 - 3 = 3
 \end{aligned}$$

(10) Nangtukeun *chi* kuadrat tina daftar

(11) Nangtukeun normalitas ngagunakeun kritéria ieu di handap:

- a. Lamun $X^2_{itung} < X^2_{tabel}$, hartina data atawa populasi distribusina normal.
- b. Lamun $X^2_{itung} > X^2_{tabel}$, hartina data atawa populasi distribusina teu normal.

Dumasar kana hasil ngitung uji normalitas yén data pratés $X^2_{itung} 8,18 < X^2_{tabel} 11,34$. Jadi bisa dicindekkeun yén distribusi kamampuh awal (pratés) dina taraf kapercayaan 99% sipatna normal sabab $X^2_{itung} < X^2_{tabel}$ atawa $8,18 < 11,34$.

4.3.1.2 Uji Normalitas Data Pascatés

Pikeun nangtukeun data pascatés miboga distribusi anu normal atawa henteu, dilakukeun uji normalitas, anu ngawengku sababaraha léngkah ieu di handap.

1) Nangtukeun rentang skor (r)

$$\begin{aligned}
 r &= \text{skor pangluhurna} - \text{skor panghandapna} \\
 &= 96 - 67 \\
 &= 29
 \end{aligned}$$

2) Nangtukeun kelas interval (k)

$$\begin{aligned} K &= 1 + 3,3 \log n \text{ (jumlah siswa)} \\ &= 1 + 3,3 \log 30 \\ &= 1 + 3,3 (1,50) \\ &= 1 + 5 \\ &= 6 \end{aligned}$$

Nangtukeun panjang kelas (p)

$$\begin{aligned} p &= \frac{r}{k} \\ &= \frac{29}{6} \\ &= 4,83 \sim 5 \end{aligned}$$

3) Nyieun tabél distribusi frékuénsi

Tabél 4.5

Distribusi Frékuénsi Hasil Pascatés

Kelas Interval	f_i	x_i	x_i^2	$f_i x_i$	$f_i x_i^2$
67-71	1	69	4761	69	4761
72-76	2	74	5476	148	10952
77-81	8	79	6241	632	49928
82-86	9	84	7056	756	63504
87-91	7	89	7921	623	55447
92-96	5	94	8836	470	44180
Σ	32			2698	228772

4) Ngitung rata-rata pascatés

$$\begin{aligned}\bar{X} &= \frac{\sum f_i \cdot x_i}{\sum f_i} \\ &= \frac{2698}{32} \\ &= 84,31\end{aligned}$$

5) Ngitung Standar Deviasi (sd)

$$\begin{aligned}sd &= \sqrt{\frac{n \sum f_i x_i^2 - (f_i x_i)^2}{n(n-1)}} \\ &= \sqrt{\frac{32 \cdot 228772 - (2698)^2}{32(32-1)}} \\ &= \sqrt{\frac{7320704 - 7279204}{992}} \\ &= \sqrt{\frac{41500}{992}} \\ &= \sqrt{41,83} \\ &= 6,46\end{aligned}$$

6) Ngitung frékuénsi obsérvasi jeung frékuénsi ékspéktasi. Carana nya éta:

(1) Nyieun tabél frékuénsi obsérvasi jeung frékuénsi ékspéktasi

Tabél 4.6

Format Frékuénsi Observasi jeung Frékuénsi Ékspéktasi Pascatés

Interval	O _i	BK	Z	Z _{tabel}	L	E _i	X ²
67-71	1	66,5	-2,75	-0,4970	0,02	0,64	0,18
		71,5	-1,98	-0,4761			
72-76	2	71,5	-1,98	-0,4761	0,09	2,88	0,26
		76,5	-1,20	-0,3849			
77-81	8	76,5	-1,20	-0,3849	0,21	6,72	0,24
		81,5	-0,43	-0,1664			

Interval	O _i	BK	Z	Z _{tabel}	L	E _i	X ²
82-86	9	81,5	-0,43	-0,1664	0,29	9,28	0,007
		86,5	0,33	0,1293			
87-91	7	86,5	0,33	0,1293	0,23	7,36	0,01
		91,5	1,11	0,3665			
92-96	5	91,5	1,11	0,3665	0,10	3,2	1,01
		96,5	1,88	0,4699			
Σ	32						1,7

(2) Nangtukeun O_i (frékuénsi obsérvasi)

(3) Nangtukeun batas kelas interval (bk). Batas kelas nya éta nilai tepi kelas awal dikurang 0,5 jeung nilai kelas tepi luhur ditambah 0,5.

Batas kelas tina interval 50 – 56, nya éta tepi kelas handap dikurangi 0,5

$$= 67 - 0,5$$

$$= 66,5$$

Jeung nilai tepi kelas luhur ditambah 0,5

$$= 71 + 0,5$$

$$= 71,5$$

(hasil saterusna tina batas kelas unggal interval bisa ditempo dina tabél 4.6)

(4) Ngitung Z_{itung} (transformasi normal standar bébas kelas)

$$Z = \frac{(bk - \bar{x})}{sd}$$

$$= \frac{66,5 - 84,31}{6,46}$$

$$= -2,75$$

(nilai saterusna bisa ditempo dina tabél 4.6)

(5) Nangtukeun Z_{tabel}

Dina nangtukeun Z_{tabel} bisa ditempo dina lampiran.

(6) Ngitung lega kelas interval (L)

$$L = Z_{\text{tabel}2} - Z_{\text{tabel}1}$$

$$= -0,4761 - (-0,4970)$$

$$= 0,64$$

(nilai saterusna bisa ditempo dina tabél 4.6)

(7) Ngitung frékuénsi ékspéktasi, ku cara:

$$E_i = n \times L$$

$$= 32 \times (0,02)$$

$$= 0,64$$

(nilai saterusna bisa ditempo dina tabél 4.6)

(8) Nangtukeun nilai X^2 (chi kuadrat)

$$X^2 = \sum \frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$$

$$= \sum \frac{(1 - 0,64)^2}{0,64}$$

$$= \frac{0,12}{0,64}$$

$$= 0,18$$

(nilai saterusna bisa ditempo dina tabél 4.6)

(9) Nangtukeun darajat kabébasan (dk)

$$dk = k - 3$$

$$= 6 - 3$$

$$= 3$$

(10) Nangtukeun harga $X^2_{\text{tabél}}$

Nangtukeun $X^2_{\text{tabél}}$ make tingkat kapercayaan 99% dibeunangkeun hasil yén $X^2_{\text{tabél}}$

$$dk = 3 \text{ (99\%)} = 11,3$$

(11) Nangtukeun normalitas ngagunakeun kritéria ieu di handap:

- a. Lamun $X^2_{\text{itung}} < X^2_{\text{tabél}}$, hartina data atawa populasi distribusina normal.
- b. Lamun $X^2_{\text{itung}} > X^2_{\text{tabél}}$, hartina data atawa populasi distribusina teu normal.

Dumasar kana hasil ngitung uji normalitas yén data pascaté $X^2_{itung} 1,7 < X^2_{tabel} 11,34$. Jadi bisa dicindekkeun yén distribusi kamampuh (pascaté) dina taraf kapercayaan 99% sipatna normal.

4.3.2 Uji Homogénitas

Uji homogénitas nya éta uji sipat data nu fungsina pikeun mikanyaho homogén atawa henteuna varian populasi data nu diujikeun. Léngkah-léngkahna ngawengku:

1) Ngitung variansi masing-masing kelompok pratés jeung pascaté

(1) Variansi pratés

$$\begin{aligned} S_1 &= \frac{n \sum f_i x_i^2 - (f_i \cdot x_i)^2}{n(n-1)} \\ &= \frac{32.117763 - (1929)^2}{32(32-1)} \\ &= \frac{3768416 - 3721041}{992} \\ &= \frac{47375}{992} \\ &= 45,75 \end{aligned}$$

(2) Variansi pascaté

$$\begin{aligned} S_2 &= \frac{n \sum f_i x_i^2 - (f_i \cdot x_i)^2}{n(n-1)} \\ &= \frac{32.228772 - (2698)^2}{32(32-1)} \\ &= \frac{41500}{992} \\ &= 41,83 \end{aligned}$$

2) Ngitung harga variasi (F_{itung})

$$\begin{aligned} F &= \frac{\text{Variasi anu leuwih gedé}}{\text{Variasi anu leuwih leutik}} \\ &= \frac{45,75}{41,83} = 1,14 \end{aligned}$$

3) Ngitung derajat kabébasan (dk)

$$dk_1 = n - 1$$

$$dk_2 = n - 1$$

$$dk_1 = 32 - 1 = 31$$

$$dk_2 = 32 - 1 = 31$$

4) Nangtukeun harga $F_{\text{tabél}}$

Niléy $F_{\text{tabél}}$ kalawan tarap kapercayaan 99% dk 31 kapanggih yén niléy $F_{\text{tabél}}$ nya éta 2,46

5) Nangtukeun Homogénitas

Pikeun nangtukeun homogénitas, digunakeun kritéria saperti ieu di handap.

$F_{\text{itung}} < F_{\text{tabél}}$ hartina variansi sampel homogén, jeung

$F_{\text{itung}} > F_{\text{tabél}}$ hartina variansi sampel teu homogén

Dumasar hasil ngitung jeung katangtuan uji homogénitas di luhur, distribusi variansi data pratés jeung pascatés kaasup homogén, lantaran $F_{\text{itung}} < F_{\text{tabél}}$ nya éta $1,14 < 2,46$.

4.3.3 Uji Gain

Tujuan tina dilaksanakeunna uji gain nya éta pikeun nangtukeun naha aya béda anu signifikan antara niley pratés jeung pascatés. Hasil tina uji gain dipaké salaku gambaran ngeunaan éféktivitas modél pangajaran *Photostory* dina nulis carpon siswa kelas XI SMA Muhammadiyah Cipanas Kabupaten Cianjur taun ajaran 2012-2013. Léngkah dina nangtukeun uji gain ieu nya éta ku cara nyieun tabél uji gain kamampuh siswa saperti dina tabél 4.6.

Tabél 4.6

Tingkat Kamampuh Nulis Carpon
Ngagunakeun Média *Photostory*

No.	Ngaran Siswa	Peunteun Pratés	Peunteun Pascatés	D	d^2
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)
1	1	50	75	25	625
2	2	57	82	25	625

(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)
3	3	50	89	39	1521
4	4	60	78	18	324
5	5	53	89	36	1296
6	6	60	96	36	1296
7	7	53	82	29	841
8	8	50	85	35	1225
9	9	60	89	29	841
10	10	60	78	18	324
11	11	53	92	39	1521
12	12	50	85	35	1225
13	13	64	89	25	625
14	14	57	78	21	441
15	15	53	67	14	196
16	16	67	85	18	324
17	17	57	96	39	1521
18	18	67	78	11	121
19	19	64	89	25	625
20	20	57	85	28	784
21	21	67	75	8	64
22	22	67	89	22	484
23	23	53	78	25	625
24	24	57	92	35	1225
25	25	71	82	11	121
26	26	67	78	11	121
27	27	57	92	35	1225
28	28	67	89	22	484
29	29	64	78	14	196
30	30	67	82	15	225
31	31	78	78	0	0

(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)
32	32	67	85	18	324
Σ		1924	2685	761	21395
Rata-rata		60,12	83,90	23,78	668,59


Tina hasil uji gain bisa katitén kumaha gambaran ngeunaan pangaruh digunakeunna média pangajaran *Photostory* dina nulis carpon siswa kelas XI SMA Muhammadiyah Cipanas Kabupaten Cianjur taun ajaran 2012-2013. Tina 32 siswa kapanggih gainna nya éta 27,78%. Saupama dititétan tina hasil pratés jeung pascaténs siswa nya éta tina 60,12% ngaronjat jadi 83,90%. Dina harti gedéna pangaruh média pangajaran *Photostory* dina ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis carpon nya éta 23,78%.

Rumusan anu digunakeun pikeun ngajawab ayana béda signifikan atawa henteu sabada dibéré perlakuan, dirumuskeun saperti ieu di handap.

$H_a : \bar{x}_{\text{pratés}} \neq \bar{x}_{\text{pascaténs}}$, hartina aya béda anu signifikan antara jumlah rata-rata pratés jeung jumlah rata-rata pascaténs.

$H_a : \bar{x}_{\text{pratés}} = \bar{x}_{\text{pascaténs}}$, hartina henteu aya béda anu signifikan antara jumlah rata-rata pratés jeung jumlah rata-rata pascaténs.

Dumasar kana tabél 4.6, $\bar{x}_{\text{pratés}} \neq \bar{x}_{\text{pascaténs}}$, hartina aya béda anu signifikan antara jumlah rata-rata pratés jeung jumlah rata-rata pascaténs. Saupama didadarkeun dina wangun diagram, babandingan pratés jeung pascaténs sakumaha ieu di handap.



Gambar 4.3

Hasil Praté jeung Pascaté Nulis Carpon
Siswa XI SMA Muhammadiyah Cipanas

4.3.4 Uji Hipotésis

Sabada diuji normalitas data pratés jeung pascaté, diuji homogénitasna, sarta diuji gain, tahapan saterusna tina bagian ieu nya éta nguji hipotésis. Naha hipotésis H_a atawa H_o anu ditarima. Pikeun nguji hipotésis diperlukeun léngkah-léngkah saperti ieu di handap.

- 1) Nangtukeun rata-rata (*mean*) tina béda hasil pratés jeung pascaté kalawan ngagunakeun rumus.

$$Md = \frac{\sum d}{n}$$

$$Md = \frac{761}{32}$$

$$Md = 23,78$$

- 2) Ngitung darajat kabébasan (*dk*) kalayan ngagunakeun rumus:

$$dk = n - 1$$

$$dk = 32 - 1$$

$$dk = 31$$

- 3) Ngitung jumlah kuadrat déviiasi, kalayan ngagunakeun rumus:

$$\sum x^2 d = \sum d^2 - \frac{(\sum d)^2}{n}$$

$$\sum x^2 d = 21395 - \frac{(761)^2}{32}$$

$$\sum x^2 d = 21395 - 18097,53$$

$$\sum x^2 d = 3297,47$$

- 4) Ngitung t , kalayan ngagunakeun rumus:

$$t = \frac{Md}{\sqrt{\frac{\sum x^2 d}{n(n-1)}}}$$

$$t = \frac{27,78}{\sqrt{\frac{3297,47}{992}}}$$

$$t = \frac{27,78}{\sqrt{3,32}}$$

$$t = \frac{27,78}{1,82}$$

$$t = 15,26$$

- 5) Nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis dumasar kana kritéria ieu di handap.

Saupama $t_{itung} > t_{tabel}$, hartina hipotésis kerja (H_a) ditarima jeung hipotésis nol (H_o) ditolak, sedengkeun

Saupama $t_{itung} < t_{tabel}$, hartina hipotésis nol (H_o) ditarima jeung hipotésis kerja (H_a) ditolak.


Niléy t_{tabel} kalayan ngagunakeun tarap kapercayaan 99% dk 31 kapanggih yén niléy t_{tabel} nya éta 2,46. Sedengkeun dumasar kana hasil ngitung di luhur, $t_{itung} = 15,26$.

Nilik kana hasil ngitung jeung katangtuan uji hipotésis di luhur, kapaluruh yén $t_{itung} > t_{tabel}$ nya éta $15,26 > 2,46$. Ku kituna, bisa dicindekkeun yén hipotésis kerja (H_a) ditarima jeung Hipotésis nol (H_o) ditolak. Hal ieu nuduhkeun yén nya

éta média pangajaran *Photostory* éféktif dipaké dina pangajaran nulis carpon siswa kelas XI SMA Muhammadiyah Cipanas Kabupaten Cianjur taun ajaran 2012-2013.

4.3.5 Pedaran Ngeunaan Carpon anu di Analisis

Pedaran ieu mangrupa salah sahiji bukti conto carpon anu nuduhkeun ngaronjatna kamampuh nulis siswa tina pretés kana pascatés. Salah sahijina nya éta carpon karya Andi A Fauzi kelas XI IPS SMA Muhammadiyah Cipanas Kabupaten Cianjur.



Gambar 4.1


Conto Carpon Praté

Aspék-aspék anu diniléy nya éta:

1. Eusi carpon, ieu ngajelaskeun ngeunaan kanyaah kolot, tapi eusi carita ieu kurang katingal unsur-unsur pangwangun dina eusi carpona, leuwih katingal ciga téks ceramah tibatan carpon.
2. Imajinasi, imajinasi anu dijieun dina carita ieu katingal kurang hadé, sabab daya imajinasina kurang kuat jeung teu diolah kalayan hadé.
3. Tokoh jeung penokohan, kurang, sabab teu katingal aya tokoh pendukung sarta watek-watek palaku na teu kagambar sacara jelas.
4. Plot/ galur, jalan caritana katingal kurang digambarkeun jelas, sarta jalan caritana kurang dipikaharti keur ukuran carpon.
5. Hubungan padalisan anu aya dina carpon ieu kurang kagambar jeung kurang silih lengkepan antara padalisan jeung padalisan anu séjén.
6. Mékanik, atawa bisa disebut ogé cara penulisan éjahan-éjahan dina carpon ieu kurang ngawasaan kana aturan tulisan, loba éjahan anu masih kénéh salah, sarta kurang pikeun diajén.
7. Gaya carita anu dicaritakeun dina carita ieu matak kurang ngirut kana ati.

Jadi bisa disimpulkeun yén nalika saacan maké média *photostory*, kamampuh nulis carpon siswa masih kurang nyugemakeun, jadi dibutuhkeun hiji alternatif pikeun bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis carpon siswa, nya éta maké média *photostory*. Ieu aya hiji conto carpon anu séjén tapi masih maké karangan anu sarua.

Dina carpon anu kadua, bisa ditingal aspék-aspék anu robah sabada ngagunakeun média *photostory*, éta ngabuktikeun yén aya parobahan anu signifikan dina saacan jeung sabada ngagunakeun média *photostory* dina nulis carpon. Ieu conto carpon anu sabada ngagunakeun média *photostory* maké karangan anu pangarangna sarua.



Gambar 4.2
 Conto Carpon Pascaté

gambar diluhur nya éta salah sahiji conto carpon sabada ngagunakeun média *photostory*, aspék-aspék anu dinilé dina carpon diluhur nya éta.

1. Eusi carita pondokna substansif, bisa ngirut ati, mekarkeun ide kalayan hadé, caritana leuwih rélévan jeung téma.

2. Imajinasi dina nyieun carpon sabada ngagunakeun média *photostory* ningkat jadi leuwih ngirut ati pisan ka nu maca, imajinasina bisa diolah kalawan hadé.
3. Tokoh jeung penokohan, sabada ngagunakeun *photostory* tokoh utama jeung tokoh pendukungna digambarkeun kalawan jelas.
4. Plot/galur carponna sabada maké média *photostory* digambarkeun kalayan jelas sarta jalan caritana gampang dipikaharti.
5. Hubungan antar padalisan kagambar hadé sarta silih lengkepan antar padalisan hiji jeung padalisan anu lain.
6. Mékanik carpon sabada ngagunakeun média *photostory* , lumayan bisa ngawasaan aturan tulisan anu bener, matak enakeun keur dibaca.
7. Gaya carita anu ditepikeun sabada ngagunakeun média *photostory* jadi éféktif jeung matak ngirut ati ka nu maca.

Dina pedaran diluhur dijelaskeun yén kamampuh nulis carpon saacan jeung sabada ngagunakeun média *photostory* katingal aya béda anu signifikan dina unggal aspék-aspék anu diniléy, ieu ngabuktikeun yén média *photostory* anu digunakeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis carpon kawilang éféktif keur pembelajaran di kelas.